



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 230 MILYON DOLA POU LEVE NÈF AYEWOPÒ NAN NÒ ETA A NAN LÒT NIVO

Nan ayewopò Greater Binghamton, Gouvènè a anonse prim pou Ayewopò Binghamton, Albany, Watertown, Syracuse, Rochester, Ogdensburg, Konte Saratoga, Konte Sullivan, ak Adirondack

Prim yo bay nan kad Konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò yo nan Nò Eta a

Sibvansyon Eta a yo pou agrandisman ak reyabilitasyon tèminal, amelyorasyon zòn kontwòl sekirite, revitalizasyon zòn anbakman ak konsesyon epi nouvo inovasyon

Ou kapab wè imaj pwojè revitalizasyon yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 230 milyon dola nan prim pou nèf ayewopò nan nò eta a pou pwojè revitalizasyon ki reyimajine epitou modènize ayewopò yo atravè nò eta New York. Finansman sa a soti nan Konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò nan Nò Eta a, yon demann konpetitif ki vize ankouraje, revitalize ak akselere envestisman nan ayewopò sèvis pasaje komèsyal yo nan nò Eta a, ki ede kreye ayewopò pou 21yèm syèk la. Gouvènè a te fè anons lan nan kòmansman jounen an nan Ayewopò Greater Binghamton.

"Ayewopò yo nò eta nou an se pòtay nou nan ekonomi lokal yo epi fè enpresyon dirab, yo konekte Nouyòkè yo epi touris yo nan bèl destinasyon Empire State gen pou ofri yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou fè envestisman enpòtan pou modènize plis enstalasyon yo atravè eta New York, n ap leve ayewopò nò eta yo nan yon lòt nivo epi bay yon eksperyans transpò 21yèm syèk vwayajè yo atann ak merite".

Depatman Transpò Eta New York te administre Konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò Nò Eta a epi li te ouvri pou ayewopò sèvis pasaje komèsyal yo nan nò eta a ak ayewopò ki te bay sèvis espesyalize pou avyon komèsyal ak/oswa avyon antrepriz. Yo te ankouraje aplikan yo pou aplike pou finansman yon sèl pwojè oswa yon pwogram pwojè ki pral ede satisfè demann 21yèm syèk la. Egzanp aktivite elijib yo enkli men pa limite a sa sèlman, planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon:

- Sal Anbakman ak zòn konsesyon dènye kri
- Agrandisman oswa reyabilitasyon tèminal
- Kontwòl Sekirite Amelyore
- Opòtinite pou transpòte pasaje yo an yon fason ki pi sekirite ak pi efikas avèk distans amelyore pandan epi apre pandemi COVID-19 la.
- Nouvo inovasyon nan teknoloji san kontak ak plis konsantrasyon sou pwòpte ak dezenfeksyon

Pwojè ayewopò elijib yo te soumèt pou revizyon yo te evalye sou baz kritè etabli, ki gen ladan men pa limite a inovasyon nan konsepsyon, ekipman pasaje yo ak eksperyans, efikasite operasyon, ak efikasite ekonomik pou rejyon ayewopò a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Ayewopò nò Eta New York yo se pòtay ki ouvri pòt pou opòtinite agrandi nan biznis, vwayaj ak touris, epi pa gen pi gwo defansè pou investisman nan enstalasyon sa yo pase Gouvènè Kathy Hochul - paske li konnen ke investi nan avyasyon pral pote yon sans renouvle pou pwosperite atravè eta New York. Pandan n ap kontinye modènize rezo transpò nou an atravè eta a, investisman sa yo pral siyifikativman amelyore eksperyans pasaje yo ak operasyon enstalasyon yo atravè eta a, sa ki ede asire yon sikilasyon efikas moun ak machandiz, ak aktivite ekonomik kontinyèl atravè tout kominote nan nò eta yo".

Anba a gen detay anplis sou pwojè endividyèl yo:

Ayewopò Entènasyonal Albany: 60 milyon dola pou agrandisman tèminal ayewopò a, ki pral bay ekipman amelyore pou pasaje anvan ak apre pòs kontwòl ak sikilasyon pasaje ki pi efikas atravè sekirite. Pòs kontwòl preyalab, pwojè a pral kreye yon sant komèsyal modèn pou konferans ak espas rasanbleman kominotè pou diminye blokis. Nan pòs kontwòl la, pwojè sa a pral agrandi fil datant sekirite a. Apre sekirite, pwojè a pral agrandi zòn kote pasaje yo prepare tèt yo pou vwayaj yo, nan kreye plis espas pou lavant an detay, yon zòn jwèt pou timoun, yon chanm kalman milti-sansoryèl, ak yon espas vèt deyò. Anplis de sa, pwojè a pral amelyore sistèm chofaj, vantilasyon ak klimatizasyon (HVAC) enstalasyon an, pou amelyore kalite lè andedan kay la ak filtraj.

Ayewopò Greater Binghamton/Edwin A Link Field: 32 milyon dola pou finans de pwojè, premye ladan yo pral mennen nan yon demenajman Tèminal Avyasyon Jeneral la pou entegre li avèk Tèminal Pasaje a, ki inifye tou de fonksyon yo nan yon sèl enstalasyon renove. Pwojè a pral gen ladan tou kreyasyon yon nouvo kouvèti ayewopò ki fèt pou akomode enstalasyon koleksyon dlo lapli ak pano solè alavni, pou ede fè avanse objektif klimatik anbisye New York yo. Amelyorasyon nan koridò tikè a ak sal bagaj sòtan yo, koridò ak sal depa yo, rekipasyon bagaj, ak lòt enstalasyon ki gen plizyè objektif yo pral etabli tou. Dezyèm pwojè a pral konstwi yon nouvo enstalasyon Dwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Avyasyon Jeneral 3,000 pye kare nan sid tèminal la, ki pral ede ayewopò a kenbe deziyasyon li kòm yon ayewopò ki gen frè pou itilizatè.

Ayewopò Entènasyonèl Watertown: 28 milyon dola pou rekonstriksyon ak agrandisman tèminal 20,000 pye kare ayewopò a, ki pral bay pasaje yo enstalasyon modèn ak konfòtab. Pwojè a pral amelyore tou nan zòn kontwòl TSA ak tretman bagaj yo; enstalasyon ekspozisyon enfòmasyon vòl ak yon sistèm radyomesajri vizyèl; konstriksyon espas adisyonèl pou rekiperasyon bagaj; konstriksyon yon nouvo sal datant avèk syèj modèn, estasyon rechaj, ekleraj natirèl ak vi sou teren avyasyon; ak konstriksyon espas fleksib pou restoran ak espas salklas ki disponib pou piblik ki p ap vwayaje a. Anplis de sa, pwojè a pral konstwi yon nouvo pon avyon pou akomode lòt kalite avyon ak amelyore anbakasyon kliyan yo. Pou akomode konpayi avyon aktyèl ak fiti yo nan ayewopò an, pwojè a pral enstale kontwa tikè adisyonèl, epi nan avantaj pasaje yo rive, pwojè a gen ladan enstalasyon yon kontwa pou lokasyon machin.

Ayewopò Konte Saratoga: 27 milyon dola pou konstriksyon yon nouvo bilding tèminal modèn, efikas nan enèji, avèk ekipman modèn ki bay yon eksperyans itilizatè premye klas ak eleman konsepsyon ki reflekte karaktè rejyon an. Premye etaj nouvo bilding lan pral bay de zòn datant pou pasaje yo, yon sal konferans milti-medya, ak yon kafe ak kontwa krèm glase ki pral louvri sou yon lakou ki gen aksè deyò. Koridò antre a pral genyen yon zòn ekspozisyon pou otomobil ki soti nan Saratoga Automobile Museum, pandan ke dezyèm etaj bilding lan pral bay espas pou pilòt yo ansanm ak yon zòn restoran ak yon zòn ekspozisyon pou atis lokal yo. Pòsyon anga nan bilding lan pral fini avèk bwa ki ansyen, rekipere pou reflekte aparans anpil etab chwal ak depo agrikòl Konte Saratoga, pandan yon pano solè anlè twati anga a pral ede diminye anprent kabòn kolektif ayewopò a.

Ayewopò Entènasyonèl Syracuse Hancock: 20 milyon dola pou de pwojè, premye ladan yo pral gen ladan amelyorasyon esansyèl nan Estasyon Enspeksyon Federal (FIS) Dwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP) ayewopò a pou asire enstalasyon an satisfè dènye estanda CBP yo epi prezève deziyasyon entènasyonèl ayewopò a ak kapasite pou okipe pasaje entènasyonèl yo ak operasyon kago yo. Pwojè a pral enstale tou dènye ekipman FIS pou operasyon entènasyonèl yo, sa ki pèmèt tretman 200 pasaje pou chak èdtan, ranplasman yon pasrèl anbakman avyon, ak kreyasyon yon sal adisyonèl ak espas pou anbakman. Pwojè a gen ladan tou enstalasyon yon sistèm kontwòl ekleraj oryantasyon ak sipò pou pasaje ki pa tandè byen. Dezyèm pwojè a pral amelyore ak agrandi Koridò Nò a, amelyore ak modènize pati sa nan tèminal la, ki akomode 40 pousan trafik jeneral la. Pwojè a pral ajoute apeprè 4,700 pye kare nan koridò a pou amelyore sikilasyon pasaje yo, ansanm ak lòt zòn pou chita ak espas konsesyon. Konsepsyon an sipòte pi bon vantilasyon natirèl pou amelyore kalite lè a, ankouraje efikasite enèji avèk materyèl a endis refleksyon solè ki elve ak pano fenèt dinamik, epi li entegre mezi dirabilite atravè itilizasyon materyèl lokal ak resikle.

Ayewopò Entènasyonèl Konte Sullivan: 18.5 milyon dola pou rekonfigire espas enteryè a, kreye espas adisyonèl pou pasaje yo, yon nouvo sal pilòt, ak pi bon opinyon sou anviwònman eksteryè Catskill Mountain. Pwojè a pral amelyore tou sistèm HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizasyon) ayewopò a, epi ekipe bilding tèminal la avèk

izòlman amelyore ak pano solè ki pral bay yon sous elektrisite dirab pou bilding lan. Anplis de sa, pwojè a pral enstale estasyon rechaj machin elektrik nan zòn pakin nan.

Ayewopò Entènasyonal Ogdensburg: 18 milyon dola pou renovasyon ak agrandisman bilding tèminal la ansanm ak amelyorasyon eksteryè yo. Pwojè a pral enstale teknoloji inovatè ak enèji efikas, pòt sekirite ak ekstenktè otomatik amelyore, nouvo sistèm ekspozisyon enfòmasyon pasaje yo, ak Wifi amelyore. Li pral itilize tou tèm konsepsyon ki reflekte kominote ozalantou ak karaktè ayewopò a. Pati nan agrandisman tèminal nan pwojè a gen ladan agrandisman sal pou anrejistreman an, tikè ak depo bagaj; agrandisman zòn kontwòl TSA a; agrandisman espas konsesyon; ak kreyasyon nouvo espas pou gwo evènman kominotè. Anplis, pou amelyorasyon eksteryè, pwojè a pral pwolonje kouvèti antre a; kreye yon zòn ki alonje pou depoze ak pase pran; epi enstale pano solè ak estasyon rechaj machin elektrik nan zòn pakin lan.

Frederick Douglass - Ayewopò Entènasyonal Greater Rochester: 18 milyon dola pou de pwojè, premye ladan yo enkli revitalizasyon bilding tèminal la pou modènize plis antre, zòn tikè a, ak reklamasyon bagaj pou rann li pi atiran ak pi fasil pou navige. Pwojè a pral amelyore zòn sa yo avèk plis ekleraj natirèl, aparèy LED, ak nouvo siyalizasyon ak opsyon oryantasyon dijital. Pwojè a pral kreye yon nouvo aplikasyon mobil fasil pou itilize ki entegre enfòmasyon sou pakin, konsesyon, aktivite vòl, ak lòt zòn nan ayewopò an nan yon sèl platfòm. Anplis de sa, pwojè sa a pral renove Zòn Veteran ayewopò a, transfòme li pou tounen yon sant rasanbleman modèn avèk ekleraj ajou, nouvo mèb ak bwat ekspozisyon. Nan onè Frederick Douglass, yon abolisyonis yo rekonèt nasyonanman, pwojè a pral kreye yon nouvo siy akèy eksteryè pou ankouraje omonim ayewopò a, epi li pral konstwi yon nouvo ekspozisyon nan tèminal la ki prezante travay ak eritaj Douglass. Dezyèm pwojè a konsantre sou amelyorasyon operasyon yo nan ayewopò yo, fè amelyorasyon nan HVAC ak renovasyon nan bilding kagezon an ak senti bagaj yo. Pwojè a pral elaji tou kouvèti ki dekore antre devan ayewopò a epi li pral enkòpore koleksyon dlo lapli nan enfrastrikti a.

Ayewopò Rejyonal Adirondack: 8.5 milyon dola pou revitalizasyon bilding tèminal la. Pwojè a pral fè rekonfigirasyon ki pral elaji zòn respesyon santral la pou amelyore sikilasyon moun yo. Li pral pote limyè LED pou klere espas la ak nouvo siyal oryantasyon pou navigasyon pi fasil nan pòtay la, kafe a ak enstalasyon pakin lan. Apre sekirite, zòn nan pral rekonfigire pou bay plis espas pou pasaje yo epi y ap konstwi yon miray deyò ki gen gwo fenèt, ki bay plis limyè natirèl epi bay yon panorama sou teren avyasyon an ak pik Adirondack ki antoure yo. Anplis de sa, pwojè a gen ladan demenajman ak agrandisman kafe a ak divès kalite amelyorasyon HVAC.

Sibvansyon Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò Nò Eta a konplete investisman kontinyèl New York yo fè nan ayewopò nan tout eta a atravè Pwogram Investisman nan Kapital Avyasyon an. Nan mwa oktòb 2021, Gouvènè Hochul [te anonse](#) ke yo te akòde 20.7 milyon dola atravè pwogram sa a pou amelyorasyon enfrastrikti estratejik nan 24 ayewopò piblik yo. Administrateur pa Depatman Transpò Eta New York (NYSDOT), pwojè yo ki finanse atravè Pwogram Investisman nan Kapital Avyasyon gen ladan konstriksyon nouvo amelyorasyon nan sekirite ak

kontwòl aksè, deplwaman nouvo sistèm siveyans meteyowolojik otomatize ak konstriksyon ak reyabilitasyon anga ki nouvo ak egziste epi enstalasyon ravitayman avyon. Investisman sa yo pral rann kominote alantou yo pi konpetitif nan nivo ekonomik avèk eta vwazen yo epi NYSDOT rete angaje pou travay avèk esponsò lokal pwojè a yo pou akselere reyalizasyon amelyorasyon sa yo.

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Atravè investisman sa a, New York ap modènize ayewopò nou yo ak ogmante aksè ak efikasite, ap finalman senplifye pwosesis vwayaj la pou vizitè ki pase nan santral sa yo nan nò eta a. Gouvènè Hochul kontinye demontre yon angajman klè pou amelyore sektè transpò nou yo, epi pwomès 230 milyon dola sa a se yon lòt egzanp yon vizyon kolektif ki konsantre sou revitalize koridò transpò kle yo".

Senatè Eta a, Fred Akshar, te deklare, "Efò modènizasyon sa yo esansyèl pou kenbe Ayewopò Binghamton lokal nou an konpetitif, aktyèl ak konfòtab pou vwayajè ak vizitè nou yo, pou ale ak pou soti nan Southern Tier. Felisitasyon pou Ayewopò Greater Binghamton ak tout moun ki patisipe nan efò pou jwenn sibvansyon sa yo".

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Modènize ayewopò lokal nou yo pèmèt vil nou yo nan nò eta a kontinye se yon motè nan devlopman ekonomik nan atire touris, biznis andeyò vil la nan rejyon an. Fon sa yo pral bay yon kout pous pou ayewopò yo ka respekte estanda enfrastrikti ak sekirite jodi a."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Anons jodi a se yon bon nouvèl pou ayewopò atravè nò eta yo, men sitou pou ayewopò lakay mwen nan Greater Binghamton. Mwen dwe felisite Egzekitif Konte Garnar ak ekip li a paske yo pa te abandone objektif pou transfòme ayewopò nou an pou atire nouvo transpò ak nouvo pasaje yo. Yon remèsiman espesyal pou Gouvènè Hochul paske li te kwè nan potansyèl ayewopò nò eta nou yo kòm premye pòtay nan monn lan. Investisman sa yo pral peye dividann pandan n ap retounen nan yon ekonomi vwayaj dinamik apre COVID".

Majistra Syracuse, Ben Walsh, te deklare, "Pandan Syracuse ak New York Santral kontinye ap fè eksperyans kwasans ekonomik, enfrastrikti transpò solid nou an se yon avantaj estratejik pou rejyon an. Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock la jodi a reflekte renesans k ap fèt nan Syracuse. Li se dènye modèl epi ekipe pou yon avni meye. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou nouvo investisman sa yo pou modènize plis enstalasyon ayewopò yo, amelyore kapasite entènasyonal li yo pou pasaje ak kagezon, epi fè ayewopò a pi bon pou tout vwayajè yo".

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Amelyorasyon sa yo nan Ayewopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester pral rann Konte Monroe vin pi konpetitif sou sèn mondyal la pou biznis ak touris — amelyore eksperyans pou nenpòt moun k ap vini oswa kite kominote nou an. Mesi Gouvènè Kathy Hochul paske li priyorize rezidan Konte Monroe ak enterè ekonomik yo avèk investisman istorik sa a nan ayewopò nou an ak kominote nou an".

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Finansman sa a pral ede nou fè pasaje yo tounen nan Ayewopò Greater Binghamton lan nan soufle yon nouvo lavi nan tèminal nou an, fè li pi modèn ak adapte pou vwayajè yo. Vole BGM te toujou gen pou wè ak yon bagay ki pratik ak agreyab; prim sa a ki soti nan Eta a bati sou misyon sa a epi pasaje yo ka atann yon eksperyans ki pral fè yo kontinye tounen. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan Konte Broome".

Prezidan Konte Jefferson lan, William Johnson, te deklare, "Nou kontan anpil anons Ayewopò Entènasyonal Watertown k ap resevwa yon sibvansyon 28 milyon dola nan men Eta New York. Sa a te yon efò pandan twa ane nan non Konte Jefferson epi li pral vrèman transfòme ayewopò nou an nan pwochen nivo sèvis komèsyal yo".

Manadjè Konte a, Joshua Potosek, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt enpòtans investisman nan enfrastrikti transpò Eta New York. Investisman istorik sa a nan Ayewopò Konte Sullivan an pral pèmèt nou bati sou investisman ak devlopman ki sot pase yo epi li pral asireman pèmèt ayewopò nou an pwospere pou plizyè deseni alavni".

Sipèvizè Vil Harrietstown, Jordanna Mallach, te deklare, "Nou trè eksite pou opòtinite sa a epi nou remèsye eta a pou prim sa a. Pwojè sa a dirèkteman sipòte objektif nou kòm yon vil pou fè avanse efikasite enèji atravè kominote nou an. Nou te wè yon ogmantasyon konstan nan vwayaj komèsyal atravè ayewopò nou an gras a finansman federal, epi renovasyon sa a pral bay pasaje nou yo plis konfò ak sekirite pandan y ap antre ak soti nan Adirondacks".

Komisè Depatman Travay Piblik Konte Sullivan, Ed McAndrew, te deklare, "Konte Sullivan gen onè pou li resevwa 18.5 milyon dola nan Konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò a pou modènizasyon ak reyabilitasyon Bilding Tèminal Ayewopò Entènasyonal Konte Sullivan. Konte a te amelyore aktivman divès aspè nan ayewopò a avèk entansyon pou atire itilizatè adisyonèl ak ogmante devlopman ayewopò, kontribiye nan kwasans ekonomik rejyon an. Amelyorasyon nan Tèminal ki prevwa sa yo pral aliyen tou enfrastrikti bilding lan avèk objektif dirabilite solid Konte a atravè itilizasyon HVAC, pano solè, ak estasyon rechaj EV (veyikil elektrik) ki avanse nan nivo teknolojik".

Sipèvizè Vil Watertown, Phil Barrett, te deklare, "Ayewopò Entènasyonal Watertown jwe yon wòl enpòtan nan bay vwayaj avyon ki abòdab pou North Country, epi nouvo finansman sa a pral kontribiye anpil nan amelyore rantabilite ekonomik rejyonal North Country nou an".

Direktè Egekitif Otorite Pon ak Pòtyè nan Ogdensburg, Steve Lawrence, te deklare, "Pwojè sa a pral bati sou 26 milyon dola ki te deja investi nan teren avyasyon an ak tèminal la. Finansman sa a pral pèmèt OBPA kontinye alimante devlopman ekonomik nan Nò New York, ankouraje kwasans nan OGS, kreye yon espas akeyan pou vizitè yo, epi bay Ogdensburg yon nouvo espas kominotè. Lè yo rive nan nouvo

OGS la, sa pral bay vwayajè yo yon akèy cho, sa k ap kreye yon premye enpresyon pozitif ak yon eksperyans pòtay inik nan North Country Eta New York. Mwen fyè de pwojè sa a epi mwen rekonesan pou tout moun ki patisipe nan bay finansman sa a".

Prezidan Konsèy Administrasyon Otorite Pon ak Pòtyè nan Ogdensburg la, Vernon "Sam" Burns, te deklare, "Anons Gouvènè Hochul jodi a ak sipò pou OGS pral ankouraje plis aktivite ekonomik nan ayewopò a ak nan rejyon an epi finanse travay ki pral rann ayewopò a vin pi konpetitif ak atiran pou vwayajè ak biznis pou ane k ap vini yo. OBPA rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul, Depatman Transpò Eta New York, Greg Lancette, prezidan Metye Bilding nan Sant ak Nò New York, ak anpil lòt ofisyèl ak pati konsène ki te ede jwenn finansman sa a".

Direktè Egzekitif Otorite Ayewopò Rejyonal Syracuse la, Jason Terreri, te deklare, "Otorite Ayewopò Rejyonal Syracuse la trè rekonesan dèske li resevwa 20 milyon dola sa a," Direktè Egzekitif Otorite Ayewopò Rejyonal Syracuse la, Jason Terreri, te deklare. "Pandan kwasans vwayaj apre pandemi an depase prèske tout atant yo, pwojè yo ke sibvansyon sa a finanse pral ede asire Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock la non sèlman se pòtay entènasyonal pou New York Santral ak pi lwen, men tou pou mete li nan pozisyon pou satisfè demann kwasans alavni nan rejyon an".

Anplis de pwojè k ap kontinye pou modènize ak transfòme Ayewopò LaGuardia ak John F. Kennedy yo pou tounen sant vwayaj trè modèn, inisyativ la chita sou siksè premye Konpetisyon Devlopman Ekonomik ak Revitalizasyon Ayewopò Nò Eta New York la. Konpetisyon inisyal la te resevwa 200 milyon dola ki te anonse an 2016, pwofite yon lòt 150 milyon dola nan resous federal ak lokal yo, pou pwojè ki revitalize ayewopò sa yo:

- Ayewopò Entènasyonal Plattsburgh, ki te fini an oktòb 2018.
- Ayewopò Entènasyonal Ithaca Tompkins, ki te fini an desanm 2019.
- Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock, ki te fini an oktòb 2018.
- Ayewopò Entènasyonal Greater Rochester, ki te fini an oktòb 2018.
- Ayewopò Rejyonal Elmira-Corning, ki te fini an oktòb 2018.
- Ayewopò Entènasyonal Albany, ki te fini an jen 2020.

Swiv DOT Eta New York la sou Twitter [@NYSDOT](#) epi sou Facebook nan [New York State Department of Transportation](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418